

# Enfòmasyon Debaz sou Redistribisyon Done

## Kisa yo Pral Divilge e Ki Lè yo Pral Fè Sa?

Biwo Resansman Etazini an bay 50 eta (states) yo, Distri Columbia, ak Pòtoriko enfòmasyon sou kantite moun ki nan popilasyon an pou yo kapab itilize enfòmasyon sa a pou redesine fwontyè distri lejislatif kongrè ak eta (state) yo—yon pwosesis yo rele "repatisyon."

Biwo Resansman an pral divilge done sa yo sou sit publik FTP li a nan dat 16 out 2021. Biwo Resansman an pral divilge menm done sa yo nan yon fòma ki pi fasil pou itilize anvan 30 septanm 2021.

Byenke eta (states) yo responsab pou repatisyon lejislatif lan, Biwo Resansman an bay kantite moun ki nan popilasyon an ki pi egzat posib pou zòn jeyografik eta (states) yo bezwen.

## Yon Richès nan Done An Detay

Done sa yo, yo rele ofisyèlman Fichye Rezime Done Repatisyon P.L. 94-171 (P.L. 94-171 Redistricting Data Summary Files), gen ladan yo kantite lojman baze sou estati lokatè lojman yo, popilasyon konte yo pa ras ak etnisite (Panyòl/orijin Latino) pou popilasyon total la ak popilasyon ki gen laj pou vote, ak pa kalite lojman gwoup pou popilasyon lojman gwoup la—rive jis nan nivo blòk resansman an. Enfòmasyon sa a bay yon apèsi demografik popilasyon nasyon nou an yon fwa-pa-deseni.

Yo byen revize done yo pou asire yo bon jan kalite, pwoteje konfidansyalite done resansman an ki rapòte pa oswa sou non moun, epi yo bon pou itilize pou repatisyon.

## Jwenn Aksè a Done yo

Premye divilgasyon an ap disponib nan mwa out lan sou sit FTP Biwo Resansman an epi I ap sèvi avèk menm fòma fichye yo bay eta

yo kòm yon pati nan resansman 2010 ak 2000 yo. Fòma sa a bezwen kèk lojisyèl ak travay adisyonèl pou ekstrè done yo. Biwo Resansman an te bay yon varyete resous sou entènèt pou ede itilizatè done yo telechaje ak ekstrè done yo.

Nan mwa septanm lan, itilizatè yo pral kapab jwenn aksè nan menm estatistik yo nan <<https://data.census.gov>>. Divilgasyon sa a pral fè li pi fasil pou chèche enfòmasyon lokal yo epi li pral pèmèt tout moun jwenn aksè ak itilize done ki gen restriktirasyon yo. Nan moman sa a, yo pral livre done sa yo tou bay benefisyè ofisyèl eta yo nan yon twous zouti sou fòm DVD ak kle USB.

## Pwoteksyon Konfidansyalite

Paske done repatisyon yo gen detay demografik pou nivo jewografi ki piti anpil, li esansyèl pou nou pwoteje idantite moun ki nan estatistik ki pibliye yo.

Biwo Resansman an ap itilize yon metòd modèn ki rele konfidansyalite diferansyèl pou pwoteje enfòmasyon endividiyèl pandan y ap kite nou pataje estatistik enpòtan sou kominate yo.

Biwo Resansman an ap ajoute bri estatistik ak anpil atansyon nan done yo nan nivo blòk yo pou degize enfòmasyon pèsonèl. Done blòk yo pa fèt pou itilize endividiyèlman. Yo fèt pou yo agrege, oswa gwoupe, nan zòn vwazen jewografik. Se poutèt sa, olye pou chèche presizyon nan yon blòk endividiyèl, Biwo Resansman an ankouraje itilizatè done yo pou yo agrege, oswa gwoupe, blòk ansanm. Lè blòk vwazen yo konbine, kantite moun ki nan popilasyon an ak karakteristik demografik yo vin pi fyab.

Repatisyon Twous Pou Laprès

[www.census.gov/newsroom/press-kits/2021/2020-census-redistricting.html](https://www.census.gov/newsroom/press-kits/2021/2020-census-redistricting.html)